

## Anak COVID-19 - Depatman Jistis Delaware - Eta Delaware

4-5 minit

---

Si w te viktim yon riz ki gen rapò ak COVID-19, rapòte sa a bay Inite Pwoteksyon Konsomatè nou an nan [de.gov/consumer](http://de.gov/consumer) oswa pa telefòn nan **(800) 220-5424**.

---

Malerezman, anakè yo pa janm pran repo, menm pandan yon pandemi mondal. Byen lekontrè, anakè yo te ogmante taktik yo genyen ki déjà sofistike pou yo ka sible manm vilnerab nan kominote nou an yo, ki gen ladan yo granmoun aje yo.

Tout moun ta dwe sou gwo alèt konsènan nenpòt èskrokri nan telefòn kote anakè yo di yo fè pati de Eta Delaware la oswa yon lòt ajans piblik epi yo ofri vaksen COVID-19 la pou yon pri oswa yon frè.

Nan lòt ka, abitan Delaware yo ka resevwa yon imèl ki mande yo ranpli yon sondaj sou vaksen COVID-19 la, ki mennen ou nan antre enfòmasyon pèsonèl oswa bankè ou.

Sa a se tou senpleman **manti yo ye** epi si ou resevwa yon apèl tankou sa a, rakwoche imedyatman. Si w resevwa yon imèl tankou sa a, pa reponn.

Pa janm bay okenn enfòmasyon pèsonèl tankou enfòmasyon sekirite sosyal ou oswa enfòmasyon bankè ou.

Sonje, vaksen COVID-19 la gratis, pa gen okenn asirans sante obligatwa, epi ou pa oblige peye yon frè pou yo mete ou sou okenn lis. Nenpòt moun ki ta di w yon lòt bagay se yon anakè.

Rapòte eskrokri sa a yo bay Komisyón Komès Federal (FTC) nan [reportfraud.ftc.gov](http://reportfraud.ftc.gov) oswa lè w rele nan 1-877-FTC-HELP

Moun Delaware yo ki vin viktim yon eskwokri ki gen rapò ak COVID la ta dwe pote yon plent pou konsomatè nan biwo nou an nan [de.gov/consumercomplaint](http://de.gov/consumercomplaint) oswa nan telefòn nan (800) 220-5424.

Konsèy:

- Ou pa ka peye pou mete non ou sou yon lis pou pran vaksen an. Sa se yon **anak**.
- Pèsonn pa gen dwa rele, voye tèks oswa imèl sou vaksen an epi mande nimewo Sekirite Sosyal ou, kont labank ou oswa kat kredi w. Sa se yon **anak**.

Anplis de sa, veye pou:

### Fo kat vaksinasyon COVID-19.

Kat vaksen kont COVID-19 la yo pa sèlman yon menas pou sekirite piblik—moun ki achte yo ka mete tèt yo nan risk pou fwod lè yo bay anakè yo enfòmasyon finansye oswa pèsonèl yo. Pwoteje sante w ak enfòmasyon finansyè w yo lè w pran vaksen **GRATIS** ou a pou COVID-19 la nan yon famasi, sit vaksinasyon kominotè yo, oswa lòt evènman vaksen Eta Delaware bay. Vizite [vaccinerequest.delaware.gov](https://vaccinerequest.delaware.gov) pou plis enfòmasyon.

**Non, ou pa ka achte oswa peye pou pran vaksen COVID-19 la.**

### Fè atansyon ak fo evènman sou enskripsyon pou vaksen COVID-19 yo.

Si w pa sèten si yon evènman lejitim oswa non, anvan ou bay NENPÒT enfòmasyon pa telefòn oswa sou Entènèt, konfime ak Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Delaware la pa imèl nan vaccine@delaware.gov.

---

### Poukisa ou ta dwe pran vaksen COVID-19 la?

Nou tout vle retounen nan kèk kalite vi nòmal, tankou vizite moun nou renmen yo, voye timoun nou yo tounen lekòl an pèsòn, ak fè aktivite woutin nou yo anvan pandemi an. Premye etap la pou rive la se pran vaksen kont COVID-19 la.

Vaksen yo se pi bon defans nou genyen kont maladi enfeksyon yo. Gen anpil rezon pou w pran vaksen an lè li vin disponib pou ou, men youn nan rezon ki pi konvenkan an se li ka pwoteje ou ansanm ak moun ki bò kote w yo kont viris sa a ki menase lavi nou.

### **Li pa sèlman yon sekirite pou pran vaksen COVID-19 la; se tou fason ki pi efikas pou anpeche w trape COVID-19 la.**

FDA a pral sèlman apwouve vaksen ki gen done ki pwouve sekirite li yo epi ki satisfè oswa depase limit minimòm pou efikasite yo pou yo lage yo nan kondisyon ijans sa yo. Espesyalis yo kwè pran vaksen COVID-19 la ka ede w pa malad grav menmsi w rive pran viris la.

Depi w fin pran vaksen an, li toujou enpòtan pou w kontinye pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo, epi ede anpeche pwopagasyon COVID-19 la. Kontinye mete yon mask, pratike distans sosyal, lave men w, epi rete lakay ou si w malad. Si w santi w malad, fè tès COVID-19 la lè w vizite yon lokal ki tou pre w nan [de.gov/gettested](https://de.gov/gettested).

---

Moun Delaware yo ki gen kesyon sou COVID-19 la yo, kote pou fè tès COVID-19, vaksen COVID-19, oswa lòt zafè ki gen rapò ak COVID-19 la yo ta dwe vizite [coronavirus.delaware.gov](https://coronavirus.delaware.gov).

